

Gid Ou pou Jwenn Kredi Inivèsite nan Lekòl Segondè nan New York

Ede Pitit Ou Jwenn Kredi Inivèsite Lè 1 ap Fè Etid Segondè

Kisa Ki Kredi Inivèsite Nan Lekòl Segondè?

Kredi Inivèsite nan Lekòl Segondè, ke yo rele tou enskripsyon doub oswa bonè nan inivèsite, se yon chans pou elèv lekòl segondè pran kou inivèsite — pandan yap toujou nan lekòl segondè. Kou sa yo bay kredi pou lekòl segondè ak inivèsite ansanm. Kidonk, pitit ou kapab kòmanse inivèsite pi bonè.

Poukisa Sa Enpòtan — Avantaj Yo Lè W Jwenn Kredi Inivèsite Pandan W Nan Lekòl Segondè

- **Kote w ka fè ekonomi:** Lè yon elèv jwenn kredi inivèsite pandan l nan lekòl segondè, sa ka fè l ekonomize tan ak lajan paske l ap ka kòmanse inivèsite la pi devan ak fini diplòm li pi vit.
- **Vin pi konfyan ak preparasyon pou inivèsite a:** Elèv ki kòmanse fè travay nivo inivèsite yo bonè ap devlope kapasite yo bezwen pou yo ka pi fasil lè yo rive nan kou inivèsite yo.
- **Eksplòre sa w vle fè nan lavi w:** Elèv yo ka kòmanse chwazi ki travay yo vle fè nan lavi yo pandan yo toujou gen sipò lekòl segondè a.
- **Montre ki moun ou ye nan papye inivèsite yo:** Elèv yo pran kou inivèsite ki parèt sou papye nòt lekòl segondè yo, sa ki montre yo pare pou travay nan nivo inivèsite.



Epi pi bon bagay la? **Anpil nan pwogram sa yo yo gratis nèt.**

Ki Jan Kredi Inivèsite Yo Ye Nan Lekòl Segondè Nan Eta Nouyòk La

Nan Nouyòk, elèv lekòl segondè yo gen plizyè chans pou yo jwenn kredi inivèsite anvan yo diplome. Men twa gwo fason yo pitit ou ka kòmanse inivèsite la depi kounye a pandan l nan lekòl segondè a:

KÒMAN POU W JWENN KREDI INIVÈSITE A PANDAN W NAN SEGONDÈ (PWOGRAM KOTE W KA PRAN KLAS INIVÈSITE AK LEKÒL SEGONDÈ NAN MENM TAN AN)

Anpil lekòl segondè yo fè patnè ak inivèsite ki nan kominote yo pou yo ka bay elèv yo kou inivèsite. Pitit ou a ka pran kou sa yo oswa nan lekòl segondè l la, oswa nan inivèsite a, sa depann sou pwogram nan. Pwogram sa yo diferan nan fason yo fèt ak nan pri yo, kidonk pale ak lekòl pitit ou pou w konnen egzakteman ki opsyon ki disponib.

LEKÒL SEGONDÈ KOTE ELÈV YO KA KÒMANSE INIVÈSITE BONÈ (EARLY COLLEGE HIGH SCHOOLS)

Gen kèk lekòl segondè k ap sèvi ak yon pwogram espesyal leta finanse ki rele [Early College High School](#); ladan l gen Smart Scholars (Etidyan Entelijan) ak Smart Transfer Early College High Schools (Transfè entelijan nan lekòl segondè kote elèv yo ka kòmanse inivèsite bonè). Nan lekòl sa yo, elèv yo ka jwenn yon diplòm asosye san peye lajan anvan yo fin lekòl segondè. Lekòl sa yo bay elèv yo èd siplemantè pou yo ka reyisi nan etid yo, epi yo konsantre sou sèvi elèv ki pa gen ase opòtinite nan inivèsite yo.

PWOGRAM LEKÒL SEGONDÈ AK INIVÈSITE POU TEKNOLOJI (P-TECH, PATHWAYS IN TECHNOLOGY EARLY COLLEGE HIGH SCHOOLS)

[Lekòl P-TECH](#) yo se lekòl leta k ap bay lajan pou yo epi yo gen yon pwogram espesyal ki dire sis ane ki kòmanse nan 8èm ane a epi ki kontinye jouk rive nan 14èm ane a (de (2) ane apre lekòl segondè nòmal la fini). Elèv yo diplome ak yon diplòm lekòl segondè ak yon diplòm asosye gratis tou. Lekòl sa yo ap travay nan patnèrya ant lekòl piblik yo, inivèsite yo, ak patwon yo—IBM te ede kòmanse premye pwogram P-TECH la nan vil New York, epi anpil lòt konpayi yo te vin jwenn yo depi lè sa a. Pwogram sa yo ede elèv yo jwenn diplòm lekòl yo ak diplòm asosye, epi ouvri wout yo pou yon karyè.

Kijan Pou Ou Kòmanse

Men sa ou ka fè pou ede pitit ou si li ta renmen jwenn kredi inivèsite pandan li toujou nan lekòl segondè:

- **Pale ak konseye lekòl yo:** Yo ap konnen ki pwogram ki disponib ak kijan pou yo aplike.
- **Gade kondisyon yo:** Gen kèk pwogram ki mande pou ou gen yon mwayèn nòt espesifik oswa pase yon tès plasman.
- **Ankouraje pitit ou pou l dekouvri:** Kou sa yo se yon chans pou w eseye nouvo sijè epi bati konfyans ou.
- **Panse ak orè ou, epi planifye vwayaj ou:** Sitou si kou yo ap fèt sou kanpis inivèsite a.

Soutni pitit ou nan yon pwogram ki pèmèt li jwenn kredi inivèsite pandan li toujou nan segondè se yon bon fason pou prepare l pou inivèsite ak pou lavi aprè li fin gradye. Si yo vle mache pi devan, ekonomize sou frè inivèsite, oswa eksplòre sa yo renmen, pwogram sa yo ka louvri pòt pou yo.

Resous Anplis:

- [Enfòmasyon sou enskripsyon doub soti nan EdTrust-New York](#)
- [Aprann plis sou pwogram pou kòmanse inivèsite bonè nan Eta New York](#)
- [Chemen ki mennen nan Politik: Pwochèt etap pou bati yon politik pou tout Eta New York ki santre sou ekite pou pwogram Inivèsite nan Lekòl Segondè yo](#)

KONSÈNAN EDTRUST-NEW YORK:

EdTrust-New York angaje li pou elimine tout inegalite ak mank chans ki anpeche elèv yo devlope tout kapasite yo. Nou konsantre sou sa pou nou asire elèv ki gen koulè yo, tankou elèv Nwa yo, Latinx yo, Ameriken Azyatik ak moun Zile Pasifik yo, ak elèv Amerindyen yo, ansanm ak elèv ki soti nan fanmi ki pa gen anpil lajan, rive jwenn gwo sikse depi yo ti bebe jouk yo fini inivèsite. Pou plis enfòmasyon, vizite [EdTrustNY.org](https://www.edtrustny.org).

